



Haitian Creole Edition
Grade 6 Mathematics, Book 2
Sample Test 2005

Matematik
Liv 2

Ane **6**

Egzanp Egzamen 2005

Non _____

KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou fè tout sa ou kapab.

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou yo.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou yo.

26

Vandredi ak Samdi, te genyen 200 oto antou ki te nan pakin yon sinema. Vandredi, te genyen 120 oto nan pakin nan.

Pati A

Ki pousantaj kantite total oto ki te nan pakin nan Vandredi?

Montre travay ou.

Repons _____ %

Pati B

Ki pousantaj kantite total oto ki te nan pakin nan Samdi?

Montre travay ou.

Repons _____ %

Kontinye

27

Barry ap antrene pou li vin yon pwofesyonèl nan zafè jimnastik. Li ogmante kantite pouchòp li fè chak semenn selon yon modèl nimerik li swiv. Kantite pouchòp Barry fè pou 5 semenn prezante nan tablo anba a.

PONP BARRY YO

Semenn	Kantite Pouchòp
1	16
2	19
3	22
4	25
5	28

Pati A

Si Barry kontinye fè pouchòp selon modèl nimerik la, konbyen ponp l ap fè nan 10^{yèm} semenn nan?

Montre travay ou.

Repons _____ pouchòp

Pati B

Anne predi Barry ap fè 59 pouchòp nan 15^{yèm} semenn nan. Sou liy ki anba yo, sèvi ak mo, senbòl oswa nonb pou eksplike si prediksyon Anne nan kòrèk.

Kontinye

28

Msyè Roberts mande elèv li yo pou yo rezoud twa ekwasyon anba yo.

$784 \div 2 = \square$

A

$125 \times 6 = \square$

B

$14 \times 28 = \square$

C


Ki ekwasyon ki genyen menm solisyon? Ekri lèt ekwasyon ki genyen menm solisyon an.

Montre travay ou.

Repons _____

29

Charles estoke kat bezbòl li yo nan yon resipyan tankou sa ki anba a.



[pa trase selon echèl la]

Ki volim resipyan an, an pous kib?

$$V = lwh$$


Montre travay ou.

Repons _____ pous kib

Kontinye

30

Janice ap pentire anlè yon tab sikilè, jan sa endike anba a.



[pa trase selon echèl la]

Janice bezwen jwenn sipèfisi seksyon wouj anwo tab sikilè a pou li ka achte kantite penti egzat. Ki sipèfisi seksyon **wouj** anwo tab sikilè a? Awondi repons ou pou rive nan santèm ki pi pre yo.

Eksprime repons ou an π .

$$A = \pi r^2$$

Montre travay ou.

Repons _____ pye kare

31 Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$6 \times 4 \div 2 + 3^3$$

Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

Nancy ap etidye flè sovaj pou yon pwojè syantifik. Li konte kantite flè sovaj ki nan yon chan. Li note tou koulè ak wotè yo. Rezilta li yo prezante nan tablo frekans ki anba a.

FLÈ SOVAJ

	Vyolèt	Jòn
Wo		
Kout		

Pati A

Ki fraksyon flè sovaj ki jòn? Ekri fraksyon ou sou fòm ki pi senp lan.

Montre travay ou.

Repons _____

Pati B

Ki fraksyon flè sovaj ki wo ak vyolèt? Ekri fraksyon ou sou fòm ki pi senp lan.

Montre travay ou.

Repons _____

33

Christina fè yon sèten kantite gòl, g , pandan yon sezon foutbòl. Sarah fè de fwa plis gòl pandan menm sezon an.

Ekri yon ekspresyon pou kantite gòl Sarah fè.


Ekspresyon _____

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou detèmine ekspresyon ou.

Kontinye

34

Jeremy vle detèmine sipèfisi bibliyotèk lekòl li. Yo prezante yon dyagram bibliyotèk la anba a.



[pa trase selon echèl la]

Ki sipèfisi bibliyotèk la an mètr kare?

Montre travay ou.

Repons _____ pye kare

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou detèmine sipèfisi a.

Jordan genyen yon sachè ki gen 246 mab. Gen 51 mab mawon ak 195 mab gri.

Pati A

Estime pousantaj mab mawon ki nan sachè a.

Estimasyon _____ %

Sou liy ki anba yo, sèvi ak mo, senbòl oswa nonb pou eksplike fason pou estime pousantaj mab mawon ki nan sachè a.

Pati B

Jordan ajoute 12 mab wouj nan sachè a. Estime pousantaj mab wouj ki nan sachè a.

Montre travay ou.

Estimasyon _____ %



Ane 6
Matematik
Liv 2
Egzanp Egzamen 2005

The McGraw-Hill Companies